

# Consent for Treatment with Naltrexone, Haitian Creole Translation

## *KONSANTMAN POU TRETMAN AVÈK NALTREXONE*

### **Naltrexone Oral ak Naltrexone Enjektab Ki Genyen Liberasyon Pwolonje**

Naltrexone se yon medikaman ki apwouve pa FDA a pou prevni retou nan itilizasyon opyoyid ak pou trete twoub konsomasyon alkòl. Terapi antretyen avèk naltrexone ka kontinye depi li medikalman nesèsè, sa ki soti nan tretman ki dire kèk mwa jiska tretman ki dire tout lavi.

Ou pa dwe kòmanse naltrexone si w ap itilize opyoyid oswa si w ap fè fas ak sevraj nan opyoyid yo. Rekòmandasyon jeneral la se pou evite tout opyoyid pandan 7-10 jou anvan ou kòmanse tretman naltrexone pou evite tonbe malad. Depistaj toksikoloji nan pipi pral fèt anvan chak enjekasyon pou asire abstinans de opyoyid yo.

Lefètke naltrexone pa yon opyoyid, ou p ap genyen okenn tolerans ak opyoyid pandan tretman an. Sa vle di ke si ou t ap itilize opyoyid anvan naltrexone, ou **pral** plis sansib ak dòz opyoyid ki pi fèb yo nan yon **risk ki ogmante pou òvèdòz ak domaj oswa lanmò ki lye ak òvèdòz** si ou ta rekòmanse yon itilizasyon opyoyid.

Li rekòmande pou alète fanmi w, zanmi w, oswa kontak pwòch ou yo ke w ap pran naltrexone epi konsènan risk yon òvèdòz si ou ta retounen nan itilizasyon opyoyid.

Akoz naltrexone ki genyen liberasyon pwolonje se yon enjekasyon, yo pa ka retire l nan kò a. Pou asire ke ou ka tolere medikaman an, pasyan ki pa te janm pran naltrexone dwe kòmanse avèk yon dòz nan bouch (fòm konprime). Si ou ka tolere konprime a byen, ou kapab chanje vin nan fòmilasyon enjektab.

Kapab genyen yon reyaksyon nan sit enjekasyon an. Reyaksyon an ka grav. Li enpòtan pou resevwa swen medikal pou reyaksyon ki agrave oswa reyaksyon ou pa sèten de yo, ki genyen ladan gwo doulè, anflamasyon, chalè oswa woujè, zanpoud, sansasyon ke zòn nan di oswa li fè boul, oswa ouvèti po.

Chèche swen medikal an ijans si ou devlope siy/sentòm nemoni ki genyen ladan souf kout, respirasyon siflan, lafyèv, ak difikilte pou respire. Kapab genyen vètij tou pandan tretman avèk naltrexone lan. Evite kondwi ak itilize machin ki lou oswa machin ki danjre jiskaske ou sèten konsènan fason naltrexone afekte w.

Tès laboratwa pou kontwòl fonksyon fwa a pral fèt anvan ak pandan tretman an, paske naltrexone ka afekte fwa w. Kontakte founisè ou an touswit si ou devlope sentòm pandan tretman tankou zye/po k ap vin jòn, pipi fonsè, doulè nan lestomak, pèt apeti, fatig, ak chanjman nan pou pou (ki genyen ladan devlopman dyare).

Ou kapab fè fas ak depresyon pandan ou sou naltrexone. Si ou devlope depresyon, li enpòtan pou di yon moun sa epi/oswa alète founisè medikal ou yo. Si ou santi tankou ou anvi fè tèt ou mal oswa yon lòt moun mal, ale nan sal dijans lokal ou an oswa rele 911. Ou dwe pote avèk ou enfòmasyon alèt yo pou lòt moun ka konnen ou sou naltrexone nan yon ijans medikal, tankou yon kolye alèt medikal, braslè, ak/oswa kat ijans.

Pasyan ki ka vin ansent yo: yo pral fè yon tè s gwosès pou yo anvan yo kòmanse tretman naltrexone nan. Si ou aprann nenpòt lè ke ou ansent, tanpri alète ekip medikal ou an.

Si ou bezwen jesyon doule avèk medikaman opyoyid yo nan yon sitiyasyon medikal dijans, li enpòtan pou ekip medikal ou an konnen ke w ap pran naltrexone. Ou bezwen jesyon medikal nan men founisè ki fòme nan itilizasyon medikaman analjezik ak jesyon efè respiratwa potansyèl. Pote enfòmasyon kontak dijans yo avèk ou tout tan, epi fè kontakte ekip OBAT ou an si nesèsè pou ede nan swen ou an.

Naltrexone se sèlman yon pati nan tretman ou an. Li rekòmande pou chèche sèvis soutyen pou retablisman, ansanm ak pati medikal nan tretman ou an, pou ede w nan pwosesis retablisman ou an.

---

Non Pasyan an

---

Dat

---

Non Founisè a

---

Dat